



Chè fanmi,

Si pitit ou a fèt an 2019, li elijib pou ale nan pre-K an otòn 2023! Avan aplikasyon an ouvè nan kèk semèn, nou te vle pataje enfòmasyon sou opsyon de lang (DL) ak sipò pou lang!

Pwogram DL yo sipòte elèv ki pale yon lang natifnatal ki pa Angle, tankou Elèv k ap aprann nan plizyè lang k ap parèt (Emergent Multilingual Learners) . Nan pwogram sa yo, yo anseye elèv yo nan de lang: angle ak yon lang yo vize, tankou panyòl). Objektif pwogram DL yo se pou elèv yo vin byen konpetan nan ni angle ni lang yo vize a.

Si w site yon pwogram de lang nan aplikasyon w lan, yo ap poze w lòt kesyon sou lang natifnatal pitit ou a, ak konpetans li nan lang angle ak nan lang pwogram lan vize a. Yo bay mwatye plas yo pou aplikan ki konpetan nan lang angle, epi lòt mwatye a pou elèv k ap aprann angle. Yo gwoupe aplikan yo dapre konpetans yo nan lang, apre sa a, yo itilize priyorite pou admisyon regilye yo pou fè òf yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf yo sou [sit wèb Pre-K a](#)”.

Yo ofri pwogram de lang nan tout anviwònman Pre-K (New York Early Education Center, Lekòl Distri ak Sant Pre-K). Yo site yo kòm yon chwa separe nan aplikasyon an, sa vle di yon lekòl ka ofri yon pwogram nan de lang ak yon pwogram Pre-K nan yon sèl lang, ou ka fè chwa w!

Gen kèk pwogram pre-K ki ofri **Sipò nan Lang** kòm yon lòt resous pou fanmi ki gen yon lòt lang natifnatal ki pa angle. Sipò lengwistik yo ka genyen ladan: yon manm estaf ki pale lang yo vize a avèk ezans epi ki disponib pou ede fanmi nan bay sèvis entèpretasyon nan reyinyon fanmi, kominikasyon fanmi, ak estaf anseyan ki tradui ki ede devlopman kontini nan angle ak lang yo vize a pandan enstriksyon an. Kèk Sant Edikasyon pou debitan Vil Nouyòk ofri Sipò pou Lang, epi aplikan ki pale lang yo vize a gen priyorite pou yo patisipe. Yo pa site Sipò nan lang kòm yon chwa pwogram separe. Kontakte pwogram yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon!

Ou ka jwenn Pwogram nan de lang oswa sipò nan lang nan [Anyè Pre-K](#) nan MySchools. Itilize “**Plis filtè (More Filters)**” ki nan meni an kote li di “sipò nan lang/de lang (DL) (Language Supports/Dual Language”.) Sa a pral site sèlman pwogram ki ofri opsyon sa yo.

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#).

Bòn chans,
Ekip Admisyon 3-K avèk Pre-K

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.